

Rosa Parks



1913 - 2005

Otè: Garnet Nelson Jackson

Lè Rosa McCauley te timoun k ap grandi nan Pine Level, Alabama, te genyen yon lwa nan kite separe Afriken Ameriken yo ak Ameriken blan yo.

Granmoun nwa yo pa t kapab travay nan menm travay ak blan yo. Timoun nwa pa t kapab ale nan menm lekòl ak timoun blan.

Anpil moun blan pa t zanmi ak moun nwa. Te genyen plis moun nwa pase moun blan. Nwa yo te soufri anpil.

Se te lwa eta a. Se te lwa peyi sa a. Se te lwa kite kenbe Sid la nan Wont pou Toujou.

Rosa te yon timoun kite chetif epi kite toujou malad. Men li te aprann pou li kanpe pou sa ki dwat, pou sa ki pa nan patipri.

Li te viv ak manman l, ti frè l epi granparan li. “Pa janm kite okenn moun pouse w fè sa ki pa sa,” granpapal, Sylvester, te toujou di l. Epi li pa janm kite sa rive.

Manman Rosa te yon pwofesè. Li aprann Rosa kouman pou l li lè li te gen twazan. Manman li te montre l tou kouman li te yon ti fi Afriken Amerikèn ki bèl ak entèlijan.

Nan lekòl, pandan l ap grandi, yo te montre l pou li toujou kenbe tèt li wo epi pou li fyè. Li te toujou fè sa.

2^{èm} Ane

Rosa grandi pou li vini yon bèl jèn fi. Li rankontre epi marye ak Raymond Parks.

Rosa pa janm bliye sa granpapa l te aprann li pou li toujou brav. Li toujou sonje mesaj fyète ak diyite manman li yo ak pwofesè li yo. Rosa Ansanm ak mari li travay pou fè vi moun nwa pi byen. Yo ede anpil Afriken Ameriken jwenn jistis.

Se te lwa eta a. Se te lwa peyi sa a. Se te lwa kite kenbe Sid la nan Wont pou Toujou.

Nan lane 1955, Rosa ak mari li t ap viv nan Montgomery, Alabama. Li te travay kòm yon koutiryèz. Li te koud rad.

Yon jou apre travay li monte yon bis piblik pou l ale lakay li. Bis la vin plen moun. Lè yon mouche blan monte bis la, pa te gen plas vid, ki fè chofè a vin di Rosa pou li bay plas li a, malgre Rosa te nan seksyon moun nwa.

Rosa te konnen sa te rele **san patipri**. Li ranmase kouraj li ak diyite l pou l reponn ak yon vwa ba “Non.”

Yo rele polis. Yo arete l epi mete l nan prizon. Sa te rive premye desanm 1955.

Yo lage Rosa nan menm nwit lan. Men kat jou apre, li te oblije parèt nan tribinal.

Moun nwa tout kote te vin fache anpil akoz sa k te rive a. Kèk moun blan te fache tou. Yo te rekonèt Rosa te gen rezon.

Afriken Ameriken nan tout Montgomery deside yo pap pran bis piblik jou jijman an. Sa yo fè, yo mache oubyen sa k gen machin ak bisikèt bay woulib. Yo kontinye fè sa pandan tout ane a. Mouvman sa a te rele **Bòykote**.

Finalman, Lakou Siprèm peyi Etazini te di Rosa te gen rezon. Afriken Ameriken kapab chita nenpòt kote nan bis piblik. Epi yo pa bezwen bay moun blan plas yo. Se desizyon sa a ki te sispann bòykote a.

Bravte Rosa Park la ede fè lavi pi byen pou tout ameriken. Lwa a nan tout sid la kòmanse chanje. Santiman moun nwa ak moun blan kòmanse chanje tou.

Yo te gen lapè ant youn ak lòt. Yo kòmanse travay ansanm epi timoun ale nan menm lekòl,

Li chanje lwa a-- Li chanje lwa peyi a. li chanje lwa anplis pa gen wont nan Sid lan.